

Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 50 MILYON DOLA NAN FON POU DEVLOPMAN  
EKONOMIK KORIDÒ EAST SIDE LA POU AMELYORE KALITE LAVI NAN  
EAST SIDE BUFFALO**

***Fon an pral Revitalize Koridò Komèsyal yo, Sipòte Òganizasyon Ankraj yo epi  
Amelyore Enfrastrikti***

***Sipòte Investisman k ap fèt nan Kat Koridò Komèsyal Prensipal yo: Avni  
Michigan, Jefferson, Fillmore, ak Bailey***

***Livrè Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò East Side la Disponib [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 50 milyon dola Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò East Side la (East Side Corridor Economic Development Fund, ESCEDF), ki se yon inisyativ pou deklanche revitalizasyon East Side Buffalo a atravè investisman nan kat koridò prensipal yo: Avni Michigan, Jefferson, Fillmore, ak Bailey. Finansman an pral ede gran ri ak koridò komèsyal tradisyonèl yo renèt atravè prezèvasyon bilding istorik yo, finansman pou amelyorasyon kapital k ap fèt nan resous nan katye yo, agrandisman opòtinite komèsyal yo, amelyorasyon enfrastrikti yo, ansanm ak pwomosyon investisman prive a izaj miks nan katye sa yo. Fon an ap konplimante investisman 10 milyon dola ki te fèt avan nan East Side la pou finanse Inisyativ Estabilizasyon Katye a (Neighborhood Stabilization Initiative) ak 5 milyon dola pou Tèminal Santral Buffalo, pou vin bay 65 milyon dola ototal nan investisman depi 2017.

“Koridò komèsyal yo tankou East Side Buffalo a jwe yon wòl enpòtan nan vitalite, abitabilite ak karaktè vil nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan ane ki fenk sot pase yo nou te fè anpil investisman konsiderab pou nou konstwi yon nouvo Buffalo ki gen ladan fòmasyon mendèv, epi jodi a nou ap anonse yon lòt 50 milyon dola nan East Side pou nou devlope resous sa yo epi asire ke tout flèch yo kontinye pwente anvè bòn direksyon an.”

“Avèk investisman konsiderab sa a k ap fèt nan East Side Buffalo a, nou ap kontinye angajman nou pran pou nou asire ke chak katye patisipe nan retablisman ekonomik k ap fèt toupatou atravè Rejyon Lwès New York la”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Pandan anpil deseni, nou te temwen anpil djòb ak biznis ki te disparèt epi rezidan East Side yo pèdi espwa. Mwen te wè pèsonèlman kòman nou te rekonstwi lespwa ak pwojè tankou Sant Fòmasyon Mendèv Northland lan (Northland Workforce Training Center, NWTC), k ap ofri nouvel opòtinite pou gen anpil bon jan djòb ki byen peye. Nou pral pran pwochen pa lè nou atribiye menm plis resous pou ranfòse katye yo, amelyore enfrastrikti, epi konstwi yon meye avni.”

Atravè yon analiz done ekonomik ak itilizasyon tèren yo, lè nou gade envestisman ki te fèt nan tan pase yo, ak angajman apwofondi pati prenan yo, Empire State Development (ESD) te travay ak Biwo Planifikasyon Estratejik (Office of Strategic Planning) Vil Buffalo a pou idantifye nèt zòn sible ki sou kat Koridò Komèsyal East Side la yo (East Side Commercial Corridors) kote finansman an pral konsantre sou kreyasyon yon apwòch global ak dirab anvè revitalizasyon ak yon vwa inifye pou kominote a.

Yo pwopoze 50 milyon dola Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò East Side la kòm alokasyon nan kategori ki annapre yo:

**Pak Distri MLK (MLK Park District)** (6.6 milyon dola) - Yo pral itilize finansman an pou fè amenajman ak modènizasyon nan pak yo ansanm ak restorasyon nan eskalye fòmèl devan Mize a pou yo itilize pou pwogram kominotè.

**Broadway Market** (4 milyon dola) - Yo pral bay finansman pou kreye yon plan direktè ak fon envestisman kapital pou sipòte operasyon ki pi dirab pandan tout ane a tankou sous alimantè onivo katye a, ansanm ak ofri katye a lyen ak Tèminal Santral Buffalo a ak lòt resous katye a yo.

**Rezo Pano Solèy Kominotè nan Northland lan (Community Solar Array at Northland)** (2 milyon dola) - Finansman an pral pèmèt yo konstwi yon rezo pano solèy nan 683 Northland Ave., ke yo pral solisite nan fason konpetitif pou devlopman nan kad operasyon yon mikwo-grid kominotè, epi pou devlope opòtinite fòmasyon mendèv pratik nan domèn enèji solè dekonsè ak Sant Fòmasyon Mendèv Northland lan (ki sitiye nan menm lokalite 683 Northland Ave. an)

**Koridò Eritaj Afro-Ameriken Michigan Street la (Michigan Street African American Heritage Corridor)** (7 milyon dola) - Yo pral ofri finansman pou fè amelyorasyon kapital nan òganizasyon ankraj ki nan koridò a pami yo Klèb Mizisyen Nwa yo (Colored Musicians Club), Legliz Batis Michigan Street la (Michigan Street Baptist Church), Mize Nash House la, ak Kolektiv Istwa Radyo Nwa WUFO a (WUFO Black Radio History Collective), ansanm ak finansman alavni ke yo pral detèmine atravè yon plan direktè pou jesyon ak operasyon konjwent.

**Finansman pou Pwojè Alavni yo** (12.6 milyon dola) ki pral sipòte:

- Kreyasyon yon **Pwogram Sibvansyon Gran Ri East Side yo (East Side Main Streets Grant Program)**, agrandisman pwogram Gran Ri Buffalo yo pou ofri plis finansman pou zòn koridò yo pandan yon dire ki pi long, ke yo pral itilize pou ti biznis ki nan koridò yo fè amelyorasyon kapital pou yo fè modènizasyon nan eksteryè ak enteryè bilding yo. Pwogram sa a pral pi fleksib tou epi yo ap reponn a obkstak ki te konn anpeche patisipasyon avan yo ke plizyè ti biznis te konfwonte nan pwogram Gran Ri ki la deja pou lòt koridò yo;
- Kreyasyon yon **Pwogram Fòmasyon Devlopman Imobilye Kominotè (Community-Based Real Estate Development Training Program)** ki ka responsabilize manm kominote yo lè yo ba yo konpetans

ak konesans pou planifye ak reyalize yon pwojè devlopman oswa yon pwojè tèren vid ant lòt tèren yo bati sou pwòp pwopriyete yo, sa k ap asire espri ak kreyativite antrepreneryal epi pi byen asire ke yo amelyore tèren ak bilding ki sou koridò East Side la yo nan yon manyè ki akse sou kominote a. Pwogram lan pral gen ladan finansman yo pral itilize pou ofri sibvansyon kapital pou pwopriyete bilding ki konplete fòmasyon ak ankadreman pou yo fè renovasyon ak reyitilizasyon pwopriyete yo; epi

- **Yon Fon Prezèvasyon Bilding (Building Preservation Fund)** pou mennen antretyen prevantatif ak estabilizasyon akoutèm nan bilding istorik ki arisk yo pou prezève yo kont investisman/reyitilizasyon prive alontèm. Y ap tabli paramèt pwogram lan yo epi y ap ofri finansman bay antite ki demontre yon entasyon solid epi ki gen plan pou yo restore yon pwopriyete istorik, epi pou evite finanse antite k ap pratike “demolisyon pa neglijan” ekspresè yo oswa menm move pratik tankou delenkans an matyè taks sou pwopriyete yo.

**Finansman Dirèk pou Pwojè (7.4 milyon dola)** - Finansman kapital pou biznis ak moun pou pwojè yo, sa k ap asire revitalizasyon k ap fèt nan East Side la akse sou kominote a. Pwojè yo pwopoze yo gen ladan finansman pou reyalizasyon espas komèsyal nan bilding a izaj miks yo, restorasyon ak reyitilizasyon estrikti istorik yo, ak finansman y ap rezève pou pwojè alavni yo.

**Investisman nan Enfrastriki (10 milyon dola)** - Pral ofri Vil Buffalo a finansman pou fè amelyorasyon nan lari yo—ke yo pral itilize espesifikman nan kat koridò ak zòn siblè yo — k ap konplèman investisman ESD ap fè yo epi rantabilize fon transpò eta/federal yo kote sa posib.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou investisman sa yo nan Livrè Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò East Side la [isit la](#).

East Side Vil Buffalo a, ki reprezante plis pase 40 pousan nan sipèfisi total Vil la, plis pase 40 pousan kantite rezidan total, ak apeprè 30 pousan kantite djòb ak biznis total Vil la, pa te nan nivo egal ak rès Vil la pandan peryòd revitalizasyon Buffalo a. An Jiyè 2017, Gouvènè Cuomo te dedye 10 milyon dola nan 60 milyon dola yo te atribiye pou “Inisyativ Estabilizasyon Katye Buffalo a” (Buffalo Neighborhood Stabilization Initiative), epi li te kite 50 milyon dola pou revitalize koridò komèsyal li yo. Fon an ap travay ak lòt bayè fon piblik ak prive yo, pou yo chache kreye yon apwòch global ak dirab nan kad revitalizasyon an ak yon vwa inifye pou kominote a.

Deskripsyon Finansman Adisyonèl yo:

**Inisyativ Estabilizasyon Katye Buffalo a** - 10 milyon dola ke biwo Rénouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap jere epi jiskaprezan yo te atribiye fon yo pou itilizasyon ki annapre yo:

- **Pwogram Opòtinite pou Vin Pwopriyete Kay la (Homeownership Opportunities Program)** (2 milyon dola) - Pwogram sa a ke Vil Buffalo a pral administre, pral investi finansman an nan 28 pwopriyete vid ke vil la posede nan East Side. Yon fwa yon fin renove yo, Vil la pral vann kay yo

atravè yon pwosesis ESD apwouve. Yo pral reyenvesti benefis yo te fè apati de lavant yo nan yon fon renouvlab pou yo ka kontinye pwogram lan jiskaske yo fin itilize tout fon yo nèt. Objektif prensipal la se pou ogmante kantite pwopriyete ki gen kay yo epi kontribiye nan estabilizasyon ak kwasans katye a.

- **Prezèvasyon Lojman** (1.4 milyon dola) - Pwogram sa a ke Fondasyon Kominotè Zòn Metwopolitèn Buffalo a (Community Foundation for Greater Buffalo) ap administre a, fè pati Inisyativ Kay Ekolojik ak Sanitè a (Green and Healthy Homes Initiative), k ap fè asenisman ak entanperizasyon pou remède a danje ki poze pou sante ki gen nan kay nan East Side la yo, sa k ap pèmèt fanmi ki gen revni fèb yo rete lakay yo.
- **Fon Restorasyon Kominotè (Community Restoration Fund)** (1 milyon dola) - Pwogram sa a ke SONYMA ap administre a, ap ache prè ipotèk kay nan East Side epi ofri pwopriyete kay yo yon bann seri asistans pou redui sezi imobilye yo epi pèmèt pwopriyete kay yo rete nan rezidans yo.
- **Abita pou Limanite (Habitat for Humanity)** (120,000 dola) - Finansman an pral pèmèt Abita pou Limanite achte kay nan East Side, pou yo renove yo epi mete yo disponib pou fanmi yo achte.

**Restorasyon Tèminal Santral la (Central Terminal Restoration)** - Yo te atribiye 5 milyon dola bay Kòporasyon Renovasyon Tèminal Santral la (Central Terminal Restoration Corporation) pou yo te kòmanse konsepsyon ak renovasyon kèk pòsyon nan estrikti anblematik istorik la. Yo pral atribiye 400,000 dola anplis atravè ESCEDF pou ofri finansman pou yo mete sou pye yon plan direktè pou katye/pwopriyete a epi pou yo egzamine lyen potansyèl ki ka genyen ak atou konpay li gen nan katye a, ki se Broadway Market.

**Prezidan Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare**, “50 milyon Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò East Side la reprezante investisman global ak estratejik k ap kontinye fèt nan katye sa nan Buffalo k ap alimante kwasans li ak revitalizasyon l”.

**Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York yo (New York Power Authority, NYPA), te deklare**, “NYPA te yon defansè fèm an favè devlopman East Side Buffalo a, kote nou te sipòte plizyè biznis ak òganizasyon lokal atravè investisman devlopman ekonomik pandan ane ki sot pase yo. NYPA, dekonsè ak ESD epi sou direksyon Gouvènè Cuomo, te rete inebranlab nan sipò y ap bay epi nou pral kontinye chache opòtinite alavni k ap ankouraje investisman nan kominote enpòtan sa a”.

**Manm Kongrè Brian Higgins te deklare**, “Rejyon Lwès New York la te wè pwogrè enkwayab pandan plizyè ane ki sot pase yo, men pou Buffalo ka atenn potansyèl revitalizasyon li an okonplè, nou dwe rive atenn li onivo katye nou yo. Anons Gouvènè Cuomo te fè jodi a, melanje ak investisman gouvènman federal la ap fè nan Sant Fòmasyon Mendèv Northland lan, pwojè enfrastrikti Fillmore Avenue an ak pwojè devlopman Jefferson Avenue an, reprezante yon gran pa pwometè vè lavan nan kad revitalizasyon East Side la”.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Investisman anpil dizèn milyon dola sa k ap fèt nan East Side Buffalo a se egzakteman sa nou bezwen. Koridò komèsyal kominote nou an yo dinamik epi yo divèsifye, epi avèk efò konsantre sa a nou ka kòmanse debloke vrè potansyèl yo pou nou devlope katye nou yo, sa k ap rann Buffalo vin menm yo pi bon kote pou moun viv. Buffalo Billion II kontinye pote fwi lè yo sible investisman eta a ap fè yo anndan kominote lokal yo epi mwen te fyè pou m lite pou yo mete l nan bidjè eta a”.

**Lidè Majorite nan Asanble a, Crystal Peoples-Stokes te deklare,** “Mwen ta renmen felisite benefisyè ki resevwa Fon Devlopman Ekonomik East Side la jodi a yo. Avni Michigan, Jefferson, Bailey, ak Fillmore pral resevwa 50 milyon dola pou ede yo nan kad efò revitalizasyon y ap fè yo. Fon yo pral ede repare enfrastrikti, fè reparasyon kapital, devlopman biznis, nouvo lojman yo te dwe fè depi byen lontan epi an retou y ap kreye opòtinite ekonomik pou rezidan yo. Mwen atann pou m wè ranfòsman ak transfòmasyon koridò komèsyal nou yo”.

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** “Malerezman anpil deseni dezentvestisman ke biznis yo ak gouvènman te manke fè te lakoz East Side Buffalo a rete dèyè anpil an konparezon ak lòt zòn nan grand kominote a olaj. Byenke toujou rete anpil pwoblèm pou nou rezoud, mwen ap felisite Gouvènè Cuomo pou investisman 50 milyon dola sa a k ap fèt nan plizyè katye ak pwojè ki esansyèl pou nwayo East Side Buffalo a. Mwen swete ke Fon Devlopman Koridò East Side la pral ajè kòm yon katalizè epi ankouraje sektè prive a fè plis investisman, kontrèman ak lòt tantativ ki te echwe nan tan pase yo”.

**Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare,** “Mwen vrèman rekonesan paske Gouvènè Cuomo te anonse 50 milyon dola nan investisman sible pou kontinye revitalizasyon East Side Buffalo a atravè Fon pou Devlopman Ekonomik Koridò East Side la. Fon sa yo pral sipòte redemaraj ekonomik East Side Buffalo a, ke siksè Sant Fòmasyon Mendèv Northland lan te pi byen demontre a, epi l ap sipòte kwasans konridò a nan yon zòn nan Vil la ki te soufri yon atribisyon resous demezire pandan anpil deseni. Sa pral ede yo fè anpil pwogrè nan chak katye”.

Yo te fè anons jodi a nan Sant Fòmasyon Mendèv Northland lan ke yon fenk ouvri a, ki se ank Koridò Northland lan. Antanke yon pwojè vedèt inisyativ devlopman mendèv la, NWTC se yon patenarya piblik-prive ki genyen ant anplwayè yo, enstitisyon edikativ yo, òganizasyon kominotè ak relijyez yo, ak gouvènman eta ak gouvènman lokal yo ki aske sou endistri a. L ap konsantre sou fason pou konble eka nan konpetans ki genyen onivo basen mendèv lokal la epi kreye pasrèl ekonomik anvè fòmasyon, kowoperativ, estaj, aprantisaj ak anplwa pèmanan nan sektè fabrikasyon avanse ak karyè nan sektè enèji a, kote yo ap sible kèk nan gwoup ki mwen reprezante nan mendèv aktyèl rejyon an. Y ap finanse etablisman NWTC avèk 44.1 milyon dola k ap soti nan Empire State Development nan kad yon pi gran investisman 127 milyon dola y ap fè nan Pwojè Zòn Reyamenajman Koridò Northland lan (Northland Corridor Redevelopment Area Project), ak 15 milyon dola Otorite Enèji New York la ap bay. ESD ak NYPA ap fè patenarya ak Kòporasyon pou Devlopman Iben Buffalo a (Buffalo Urban Development Corporation, BUDC); (ki se yon ajans devlopman Vil Buffalo patwone), k ap jwe wòl devlopè pwojè a ansanm ak pi gran kanpis Northland lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)